

# Ronald McDonald Care Mobile® Programm Selan Dantal Fòm Konsantman



A chè Paran/Gadyen:

Healthcare Network of Southwest Florida ("HCN") ap sponse yon programm dantal nan lekòl pitit ou-a byento. Programm sa-a disponib pou elèv ki nan premyè ak dezyèm klas. Bi programm sa-a se pou anpeche pou dan yo vin pouri epi pou amelyore sante dantal. Yon ijenyis dantal ap kontwole dan pitit ou-a epi lap deside kilès dan nan deye bezwen selan. Nou pap fè okenn radyografi. Nap chwazi dan ki pou vin kouvri avèk yon selan plastic. Selan yo bare manje ak mikwòb pou yo pa antre. Selan yo sof ak sekir, yo pa fè mal, yo fasil pou mete, epi yo anpeche twou ak dan pouri! Yo apwouve nan men American Dental Association (*Asosyasyon Dantal Ameriken*). Nou gen dwa egzamine pitit ou-a lòt ane epi nap mete selan yo ankò si li bezwen yo.

HCN ap ofri programm sa-a pou **grenmèsi** bay paran/gadyen yo. Poutan, HCN ap chèche ranbousman de Medicaid ak/oswa lòt konpayi asirans piblik/privè si yo disponib. **Asirans pa egzije, men poutan nou mande si ou gen asirans pou ban nou enfòmasyon pou nou kapab mande peman pou nou kapab kontinye programm nou an.** Ko-peman ak kout pou ti moun san asirans ap vin kouvri avèk lajan sibvansyon oswa lòt sous yo.

Anba-a se fòm konsantman kote ou ban nou pèmasyon pou fè tèst ekran epi pou nou mete selan sou dan pitit ou-a, epi ban nou pèmasyon pou chèche ranbousman depi asirans ou si ou genyen li, epi pou rekonnèt ou te rezevwa Avi Politik Sou Enfòmasyon Prive (*Notice of Privacy Policies*) (disponib nan [www.HealthcareSWFL.org](http://www.HealthcareSWFL.org)).

Si ou gen nenpòt keksyon, nimewo kontak la pou Programm Selan Dantal HCN Ronald McDonald Care Mobile® (*Dental Sealant Program*) se (239) 658- 3013.

## TANPRI RETOUNEN FOM SA-A NAN LEKOL LA DAN LIMEDYAT.

### Konsantman pou Tèst Ekran ak Selan

Mwen-menm, konm paran oswa gadyen legal pou ti moun ki liste anba-a, avèk prezan sa-a otorize HCN, fasilite li yo oswa sant tretman yo, dantis yo ak/oswa ijenyis dantal yo ki nan chaj swen mwen oswa swen pitit mwen an, pou administre tèst ekran yo oswa selan pou dan, jan li apropriye.

Non Ti Moun \_\_\_\_\_ Dat Nasans \_\_\_\_\_  
Telefonn \_\_\_\_\_  
Sèks (M/F) \_\_\_\_\_

Enfòmasyon Lòt Asirans (Si Li Aplikab)

Non Asirans: \_\_\_\_\_ Nimewo Abonnè/Polisi \_\_\_\_\_

Eske pitit ou-a gen nenpòt problèm sante ki serye?      Oui\_\_\_      Non\_\_\_  
Eske pitit ou-a gen alèji yo?      Oui\_\_\_      Non\_\_\_  
Eske pitit ou-a pran nenpòt medikaman?      Oui\_\_\_      Non\_\_\_  
Si oui, tanpri eksplike: \_\_\_\_\_

**AVEK SIYATI MWEN ANBA, MWEN REKONNET TOUT SA KI ANLE-A EPI MWEN TE REZEVWA AVI POLITIK SOU ENFOMASYON PRIVE AK KONSANTMAN POU TRETMAN DANTAL POU TI MOUN KI LISTE ANLE-A EPI POU HCN KAPAB CHECHE RANBOUSMAN POU SEVIS YO RANN POU TI MOUN KI LISTE ANLE-A.**

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Gadyen      Dat

\_\_\_\_\_  
Non Paran/Gadyen (Enprente)

\_\_\_\_\_  
Adrès Lapòst      Site      Eta      Zipkòd

Healthcare Network of Southwest Florida  
1454 Madison Avenue  
Immokalee, FL 34142  
239-658-3000

Ronald McDonald Care Mobile®  
P.O. Box 877  
Immokalee, FL 34143  
239-658-3013

[www.healthcareswfl.org](http://www.healthcareswfl.org)  
1 of 1